ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙ ПЛЪЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№56 (21.964) ● 2011 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 2, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэралым и Президентыр къохъуэхъу

Медведев Дмитрий и пщэ къыдэрылъхъам тету, УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Хлопонин Александр ЕсэнтIыгу щекIуэкIа зэIущIэм КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен къыщалъхуа махуэмкIэ къыщехъуэхъуащ икIи къэралым и лЫыщхьэм щыбгъэдэкI тыгъэр къритыжащ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапэ.

Шэджэм муниципальнэ районым щыIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и Советым и пIалъэр къэмыс муниципальнэ кIа сессием район администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъым щагъуэващ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутат Бакъ Руслан. Мы къулыкъым хахьи папщIэ кьагъэлъагъуа щыхъуащIым зыщыщу ар абы нэхъ хуэфащэу депутатхэм кьалъытащ.

СЕССИЕМ хэтахэр муниципалитетым и Iэтащхьэ щIэуэ ягъэувам екъуэхъуащ зыпэрыва Iэнатlэм екъулIэныгъэ щIIэну, районым, зэрыщыту республикэм и щIыхъэ я фIэкIуэнигъэм емызэщыжу телъжьэну.

Бакъ Руслан Барэсбий и къуэр 1955 гъэм гъатхэпэм и 24-м КъБАССР-м щыщ Шэджэм районым хыхьэ Шэджэм Iэанэ поселкэм къыщалъхуащ. 1972 гъэм бахъсэн кьалэм дэт профтехеджащIэр трактористэ Iэщlагъэр пIуу кьиучащ. 1973 - 1975 гъэхэм дзэм кьулыкъу щищIащ. 1996 гъэм тепстекоопераци и академиеу Белгород кьалэм дэтыр кьиучащ.

Абы «Мэкъумэщ техникэм» и Шэджэм район къудамэм и шоферу лажьэ щIидзащ. 1986 гъэм Шэджэм ерыскъыпхъэ комбинатым сменэм и мастеру уврИ, иужькIэ цехым и Iэтащхьэ, мы Iухуэ щIыхъэм я лажьэщIым производствэмрэ сату Iуэхуэхэмкlэ и къуэдзэ хъуащ. 1990 гъэм ар «Нартсанэ» кьэрал предприятэм, нэхъ иужькIэ «Шэджэмерыскъыпром» зэгухьанымкIэ и унафэщIу ягъэуващ. Бакъ Руслан илъэс зыбжанэкIэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и минералныэ псыхэр» акционер обществэм зэIухам и генеральнэ директорым и яп къуэдзэу, «Реал-Бизнес» концерн» ООО-м и генеральнэ директору лэжьащ. 2006 гъэм щегъэжьагъэ илъэсищкIэ «КъБР-м и къэрал щIыуэпс заказникэм я директ» къэралыгъуэ Iанэм и унафэщIу щытащ. 2009 гъэм и гъатхэпэ мазэм КъБР-м и Парламентым и депутату хахащ.

Шэджэм районым и администрацэм и Iэтащхьэ Бакъ Руслан

Къулыкъу

Шэджэм муниципальнэ районым и администрацэм и пресс-Iуэхущ Iапэ.

КЪУЭНЫКЪУЕЙ Борис.

Гъэ кIуар Iеякъым

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм къыщIытэжащ 2010 гъэм республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм къыкIуэкIа.

СОЦИАЛЬНО-ЭКОНОМИКЭ зэхъуэкIыныгъэхэмкIэ департаментым и унафэщI Белецкая Ольгэ кIыхьрыджи-Iамкlэ, щыIалъэ валовэ продукцэм процентыр 3,5-кIэ хэхъуащ икIи сом мелард 74,1-рэ и уасэм нэсащ. Апхуэдэ екъулIныгъэхэр псом ягъэу зи фIыщIэр промышленностым, мэкъумэщ хозяйствэм, сатум я Iэнатlэхэращ.

Республикэм и валовэ щIыналъэ продуктым и процент 13,9-р промышленностым кIыхьзрегъэпэщ. 2010 гъэм товару щхъуэкIуэхэм хурагъэшащ, лэжьыгъэу, Iуэхутхьэбзэу зэфIагъэкIащ сом мелард 28-рэ мелуан 517,5-рэ и уасэ. Зэрыщыту промышленностым кIыщIигъэкIа продукцэр 2009 гъэм ельытауэ процентыр 103,6-рэ мэхъу.

2009 гъэм нэхърэ нэхъыфIу лэжьащ гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексыр, щIым хъугъуэфIыгъуэхэр кьыщIэхъ Iэнатlэр, щэкIэхэр щыхъэIуащэ, щыгъэнхэр зыщ, феи елэжь, абы кьыхэщIыкIа щыгъэнхэмрэ ваксымрэ зыщ Iуэхущ Iапlэхэр, металлургием елэжь, электрообогащаваным, электрон, оптикэ Iэмэпсымэхэр кьыщIэзыгъэкI Iэнатlэхэр, нэгъэущIхэри.

Промышленностым и Iэнатlэр хъащтэмэ, абы щагъэхьэзыр продукцэм и процент 69,7-р сырьем елэжь Iэнатlэм, процент 29,9-р электрокьарур, газыр, псыр кьэщIлэжь, тезыгущэ Iэнатlэм, процент 0,4-р зыужьуэфIыгъуэхэр кьыщIэзых Iэнатlэм кьиззрагъэпэщащ.

Сырьем елэжь Iэнатlэр хъащтэмэ, лэжьыгъэ нэхъыбэ зэфIэзыгъэкIхэм ящыщщ ерыскъыхэкIхэр зыгъэхьэзыр-хэр (процент 47,8-рэ), электрофIэмэпсымэхэр, электрон, оптикэ оборудованэ кьыщIэзыгъэкIхэр (процент 23,6-рэ), металлургиемрэ металлым кьыхэщIыкIа хьэпшIыгъэр зыщIхэмрэ (процент 15,9-рэ).

БлэкIа илъэсым кьриубыдэу республикэм и экономикэмрэ социальнэ Iэнатlэмрэ инвестицэу сом мелард 12-рэ мелуан 85-рэ кьыщагъэсэбэпащ. Абыхэм я хьэкъкIэ социальнэ-щэнхабзэ мыхьэнэ зиIэ ухуэныгъэу 37-рэ хьэрэзыр ящIащ. ПсэупIэхэр ухуэнми кIэрагъэкуэкIым. 2009 гъэм ельытауэ псэупIэ унэу хьэзыр ящIар процент 0,9-кIэ нэхъыбэщ. Псори зэхэту ягъуэ псэупIэ мятэ зэбгъуэзнатlэ мин 257,9-м щыщу мятэ зэбгъуэзнатlэ мин 226,3-р е процент 87,7-р унагъуэхэм езыхэм ящIащ.

Гъэр уэгъуэу щыта пэтми, нэгъабэ мэкъумэщ продукцэу сом мелард 22-рэ мелуан 954,8-рэ и уасэ е 2009 гъэм ельытауэ процентыр 109,7-рэ крахьалIэжащ. Мэкъумэщ щIалIэхэм ящыщу гектари 100 кьэс тещIыхьауэ хъащтэмэ, ди деж абы Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым ельытауэ хуэди 2-кIэ, зэрыщыту Урысей Федерацэм ельытауэ хуэди 2,5-кIэ нэхъыбэ кьыщытрах. Мэкъумэш хозяйствэм кьит валовэ продукцэм и куэдгъыкIэ ди республикэр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым яп щитщ.

Щэхуакlуэ рынокри нэхъ кьызэщIэрыуащ. Ди республикэм и щIыхуэм 2010 гъэм продукцэ зэмылIэужьыгъуэу сом мелард 61-рэ мелуан 728,1-рэ е 2009 гъэм ельытауэ процент 4,4-кIэ нэхъыбэ кьащхуащ. Сатум и зэхэтыкIэр кьащтэмэ, псори зэхэту ящам и процент 51,9-р ерыскъыпхъэхэм щымыщ товарэкрыщ.

Экономикэм зэрызиужьыр сэбэп мэхъу щIыхуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIи. Республикэм ис дэтхэнэми ику иту нэгъабэ ахъшэ хэхъуэу мазэм кьыдэрыкьащ сом 11029,6-м нэсащ. Ар 2009 гъэм ельытауэ процент 14,7-кIэ нэхъыбэщ. ЛэжьапIэщым нэхъ зыщIыхэхъуа Iэнатlэхэм ящыщщ мэкъумэщ хозяйствэр (процент 10,3-кIэ), хъугъуэфIыгъуэхэр кьыщыщIах Iэнатlэр (процент 19,1-кIэ), щэкI щIыхэIуащэ, щыгъынхэр щад Iэнатlэр (процент 24-кIэ), электрообоурудованэ кьыщIэзыгъэкI Iэнатlэр (процент 22,7-кIэ), транспорт зэмылIэужьыгъуэхэр щащI Iэнатlэр (процент 42,6-кIэ).

Фемыцэ щытыкIэр хъащтэмэ, ари 2009 гъэм нэхъ-рэ нэхъыфIщ. Кьалъхуэхэм я бжыгъэр процентыр 2,9-кIэ нэхъыбэ хъуащ, лIаэхэри процентыр 4,3-кIэ нэхъ мащIэщ.

КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.

Къэралым и Президентыр къохъуэхъу

Медведев Дмитрий и пщэ къыдэрылъхъам тету, УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Хлопонин Александр ЕсэнтIыгу щекIуэкIа зэIущIэм КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен къыщалъхуа махуэмкIэ къыщехъуэхъуащ икIи къэралым и лЫыщхьэм щыбгъэдэкI тыгъэр къритыжащ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапэ.

● КъБР-м и Парламентым

УнафэкIэ щыщIагъэбыдэ

КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр гъатхэпэм и 31-м зэхэтащ. Ар иригъэкIуэкIащ республикэм и хабзэгъэуб орган нэхъыщхьэм и Унафэщ Чеченов Ануар.

ЗЫТЕПСэЛТЫХЬЫНУХЭР ягъэбелджыла неужь, Парламентым Законым тетыным, хабзэр хъумэнымрэ жылагъуэ щынагъуэнщагъэмрэ я Iуэхуэмкlэ и комитетым и регламентым и 158-нэ, 159-нэ статьяхэм япкъ иткIэ, Прохладнэ кьалэм и и суд участкэ №3-м и зэхьыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъым ягъэувыну кьагъэтъэгъуэ ЩIанкIэ Маринэ ТIутIэ и пхъум и кандидатурэм и тхылъхэм хэпльащ, КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и яп кьуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым жиIаэм едалуэри, ар депутатхэм дагыгащ.

Зэрылэжьэну пIалъэр зэраухам кьыхэкIыу, Къущхьэ Равидэ Iэдей и пхъумрэ Селиверстовэ Любовь Александр и пхъумрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэзыщыгъэ-кьэзыбжь палатэм и аудитор кьулыкъур щхьэщахащ. А Iэнатlэм ягъэуващ Хочиевэ Лейлэ Нурхьалыкъ и пхъумрэ Фироновэ Надеждэ Гаврил и пхъумрэ.

Апэ, етIуанэ къеджэгъуэу зэIущIэм щыхэпльащ «КъБР-м и правовой актхэм я IуэхуэкIэ» республикэм и Законым и 61-нэ статьям зэхъуэхЫныгъэхэр зэлъхьэным теухуа проектым. Ар хуэгъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и пщалъэ правовой актхэу официальнэу кьытрадзэхэр электрон Iэмалкlэ щыхуэхэм я деж зыубгъуауэ нэхъэсэныным. Хабзэхэм теухуа тхыгъэхэр апхуэдэ щыкIэкIэ кьыщагъуэтынущ «Кабардино-Балкарская правда», «Официальная Кабардино-Балкария», «Адыгэ псалъэ», «Заман» газетхэм.

Законодательствэмрэ къэралхуэхэмкIэ комитетым и унафэщI Iэпщэ Заур къыщэрыхигъэщамкIэ, абы и лъэныкъуэкIэ нэгъуэщI Iэмал зыкъызыкъэгъэнри щыIэщ. Апхуэдэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и пщалъэ правовой актхэм я федеральнэ регистрыр, къэрал органхэм я официальнэ сайтхэр, хабзэхэм зыщыкъагъэгъуазэ Iуэхущ Iапlэхэр, псалъэм пащIэ, республикэм и Къэрал Iэмпхъ библиотекэр, Интернетыр, нэгъуэщIхэри.

Проектым арэзы техIуэри, абы теухуа законыр ещанэ зэIущIэм кьащтащ.

Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ министр Мусуков Алий кьыхилтхьэри, зэхъыхьэм щыIэпкърахащ «КъБР-м бзэзрэхэм я лажьыгъэр кьыхэрыщIыхьзрагъэпэщым и Iуэхуэкlэ» законым игъэтыну зэхъуэкIыныгъэхэр зыхуэдэм. Къэпсэлъэм зэрыжиIамкIэ, абы теухуа проектыр ягъэхьэзыращ Парламентым экономикэ политикэмкIэ, мылъкумрэ хьэрычэт Iуэхуэхэмкlэ и комитетым игъэкIуэнри щыIэ. Псоми кьыхагъэщащ мы Iуэхум ди щIыхуэм я деж-кIэ мыхьэнэщу зэрриIэр икIи чэнджэщэр я пIалъэжьу.

Кьыкlэтъыкlуэу кьеджэгъуитlкIэ зэIущIэм щыхэпльащ «2007 - 2011 гъэхэм КъБР-м хьэрычэтыщIэ Iэнатlэ щыкIуэр курытымрэ зэрызыщаужьынур икIи абыхэм зэрыщагъэIэпыкъунур» республикэм программэ хэхам зэхъуэкIыныгъэхэр зэзыльхьэ законопроектым. Абы ипкъ иткIэ, мы илъэсым программэр гъэзэщIэным хуэзэну ахъшэр зыхуэдизыр -2011 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Iуэхуэкlэ» КъБР-м и Законым кьыщыгъэзэгъуэ бжьыгъэхэм ирагъэзэгъыжь. Къащтэмэ, хьэрычэтыщIэ Iэнатlэ щыкIуэкIуэмрэ курытхэмрэ кьащтэ щыхуэхэм. Лизинг зэгурыIуэныгъэхэм проценткIэ щхьэщатыкIым щыщу хуащIыныжьыр сом мини 5-кIэ ягъэмэщIэнущ. Апхуэдэу республикэм щыIэ хьэрычэтыщIэ предприятэ мыинхэмрэ курытхэмрэ я деж щрагъэкIуэкI анализитиджэ кьэхутэныгъэхэм, статистикэ кьэпщытэныгъэхэм хухахыр сом мин 500-кIэ нэхъ мащIэ хъунущ. Абы щыгъуэми бизнес-гъэпсыкIэ нэхъыфIхэр гъэбелджылыным хуэгъэзауэ вузхэмрэ курыт Iэщщагъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэмрэ кьэзыухъэм гъэ кьэс ирагъэкIуэкI зэпеуэм щытекIуэхэм я грантыр сом мин 500-кIэ хагъэхъэнущ. Кьызэхэсэхэм а Iуэхум теухуа законыр кьащтащ.

Депутатхэр яп кьеджэгъуэу хэпльащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм уней лъапсэ щаухуэн папщIэ языныкъуэ щIыху щхьэхуэхэм щIы Iыхьэхэр пщIэншэу етыным и Iуэхуэкlэ» республикэм и законым и проектым. Парламентым щIыпIэ самоуправленмрэ щIыналъэхэм я социально-экономикэ зыужьыныгъэмрэ я Iуэхуэхмкlэ и комитетым и унэцIэщI Берд Хьэзрэталий зэрыжиIамкIэ, ар Урысей Федерацэм щIымкIэ и кодексым ящыщIыбзыхуам тету ягъэхьэзыращ.

- Ди комитетым и зэIущIэм проектым нэхъ пасэу дыщIэхэпльащ. Абы кьедгъэблэгъащ депутатхэр, кьапсэхэмрэ районхэмрэ щIыпIэ самоуправленмкIэ я органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лЫкIуэхэр. Псоми кьыхагъэщащ мы Iуэхум ди щIыхуэм я деж-кIэ мыхьэнэщу зэрриIэр икIи чэнджэщ пыухыкIа-хэр я лъабжьэу зэпэшчауэ зэхуэдгъакIуэмэ, уней лъапсэхэр ухуэныр республикэм щыщIигъэхуэбжьэнущ, - кьигъэтъэгъащ Берд Хьэзрэталий.

Законопроектым адэкIи нэхъ кууэ елэжьын папщIэ, ар яп кьеджэгъэкIэ кьапщытащ.

Апхуэдэу республикэм зэрыкъащ Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым, УФ-м и Уголовнэ-процессуальнэ кодексым и 100, 108-нэ статьяхэм, «Iэщэм и Iуэхуэкlэ» Федеральнэ законым и 16-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ хабзэзэбыху жэрдэм щыкIэу ягъэхьэзырэ федеральнэ законым и проектхэр, нэгъэущIхэри.

Зытепсэлъыхьа Iуэхугъуэ псори унафэкIэ щIагъэбыдащ.

Зэ IущIэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Iэтащхьэм и кьуэдзэхэу Жаным Руслан, Саенко Татьянэ, Бозий Натбий, республикэм и Конституцэ Судым и тхьэмадэ Геляков Абдулых, правительствэм щыщхэр, ирагъэблэгъа кьулыкъущIхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● МазитI лэжьыгъэ

Зэраубзыхуам тету

Щыпlэхэр зэIуэпэщ щыным, гъэкъэбзэным, щхьэнтIагъэхэр гъэтIысыным теухуа мазитI лэжьыгъэм Налшык кьалэм дыгъуасэ, мэлыжьыхьым и 1-м, щышIадзащ.

ЗЭРАУБЗЫХУАМ тету кьалэрэ, абы кьедза жылагъуэхэри зэлъыIуахынущ. Гъэгухэр, псэуальэхэм я Iупlапlэхэр, пщIантIэхэр зэрагъэпэщыжынущ, пхъэнкIий зэхуэхьэсыпlэхэр ягъэсеинущ, кIэрыхуэбжьэрыху идзыпlэ Iэрыщ Iэхъынущ. Рекламэ фIадзапlэхэм, сатыпlэхэр зыхэт транспорт кьэувыпlэхэм гульытэ хэха хуащIынущ.

Зи пIалъэр икIа инженер сетхэр зэрахъэжьынущ, зэхатIыхьа щыпlэхэр зэтес ящIыжынущ, кьалэм и кьыдыхьэпlэхэр ягъэдзэжынущ.

Налшык и администрацэм предприятэхэм, организацэхэм, управляющэ компаниехэм, ТСЖ-хэм я и унафэщIхэр кьыхэрджэ мазитI лэжьыгъэм жыджэру хэтыну, кьегъэбыдыпlа щыпlэхэр егупгъуу ягъэжьэбэзыну.

ДИМИДОВЭ Аннэ.

КъэкIуэнур я пльапIэу

Хабзэ зэрыхьуам тету, щыпlэхэр зэIуэпэщ щыным гъэкъэбзэныр зэтеухуа гъатхэ мазитI лэжьыгъэм Прохладнэ районым мэлыжьыхьым и 1-м щышIадзэнущ.

АБЫ и лъэныкъуэкIэ куейм кьалэнышхуэ кьыпэщытщ. Кьапщтэмэ, псыхьэурэ псы хъумапIэхэм я Iэшэлъашэу километр 16, гъэзубгъухэм деклуэжьмэ, гъэзубгъухэм дежь 27-рэ зэIуэпэщ ящыныщ, Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъу 40-м щIигъу, кьуажэ кхъэхэр, щыхуэхэм зыщагъэпсэкуэ щыпlэхэр кьыхьыхуэтыншэу зыхуэей хуагъэхэнущ. Парихэмрэ хадэ щыкIуэкIэ жыгрэ чыцуэ 1000-м щIигъу щыхасэнущ. ГазоныщIэхэм, удз дахэхэр щагъэкIыну хьэсэхэм щыкIуэ метр зэбгъуэзнатlэ 1650-рэ хухахащ.

Мы районгIо Iуэхугъуэм щыпlэ муниципалитетым и щIымэхэм, кьуажэ администрацэхэм, ЖКХ-м и предприятэхэм, мэкъумэщ, промышленнэ Iэнатlэхэм, хуэкIуэ организацэхэм, социальнэ-щэнхабзэ Iуэхущ Iапlэхэм я пэжьакIуэхэр, куейм и цIыхуэхэр хашэнущ.

Районым и ОВД-м, Роспотребнадзорым, щIыпlэм экологиемкIэ и Iэнатlэм кьалэн щащIащ мазитI лэжьыгъэр кьыззгъэпэщыныпрэ егъэкIуэкIыныпрэ теухуауэ куей администрацэм кьыдигъкIа унафэр зымыгъэзащIэ, санитар хабзэхэр кьыззпызыуд кьулыкъущIэхэмрэ цIыхуэхэмрэ кьызэрахуэ щыкIэр щагъэткIыну, апхуэдэу щыIэ хабзэхэм тету аэр административнэ жэуапым ирашэлIэну. Прохладнэ ДРСУ-м кьыпэщытщ уэрам гъуэгуэмрэ лъэс лъагъуэхэмрэ тель асфальтыр зэрирагъэзэхуэкIыну, мывэ зэтеуда зытемыкIутахэр, гъуэгубгъуэхэр, гъуэгу дамыгъэжьу зыхуэей хуигъэзэну.

Мазитl лэжьыгъэм пэублэу кьрикIуар накьыгъэм и 30-м зэхъуэхьэжьынущ. Жылагъуэхэр гъэкъэбзэныр, зэIуэпэщ щыныр, щхьэнтIагъэхэр гъэтIысыныр нэхъыфIу кьыззгъэпэща кьуажэ администрацэхэр ахьшэ саугъэтхэмкIэ ягъэпэжэнущ.

ЛУПЫРЁВЭ Ириной.

Ахэри арэзыкъым

Италием и хьыбарегъащIэ Iуэхущ Iапlэхэм кьызэрратымкIэ, вэсэмахуэ и щIыхьэщхьэм я къэралым щыззтеуныгъэ щIыпlэм вэсэмахуэ кьызэригитамкIэ, ООН-м зегъэхьэзыр мэлыжьыхьым и 12-р щыхуэр хъэрщым зэрылъэтам и дунейпсо махуэу зыгъэув резолюцэ кьищтэну. Абы нобэ и тельхьэщ къэрал 30-м щIигъу.

- Урысейми нэгъуэщI кьэрал куэдми мэлыжьыхьым и 12-р щагъэтлъатIэ Космонавтикэм и дунейпсо махуэу, ауэ ар ООН-м и махуэзэпсым зыкIи кьыщыгъэлъэгъуакъым, - жеIэ УФ-м и лЫкIуэу зэпымыууэ ООН-м щыIэ Чуркин Виталий. - Иджы ди къэралым кьыхилтхьа а Iуэхугъуэр хуэунэтIащ мы гъэм мэлыжьыхьым и 12-м, Гагарин Юрий хьэрщым зэрылъатэрэ илъэс 50 щIигъум, а щытыкIэр тэмэм щIыжьным.

Абы папщIэ Урысейм и жэрдэмкIэ, мэлыжьыхьым и 7-м зэхуашэхынущ ООН-м и Генеральнэ Ассамблеем и 65-нэ сессием и зи мычэзу пленарнэ зэIущIэ, мэлыжьыхьым и 12-р Космонавтикэм и дунейпсо махуэу зыгъэув унафэр кьащтэн папщIэ.

Иджыри хуэныкъуэщ

Ирландием и Банк нэхъыщхьэм иригъэкIуэкIа кьэпщытэныгъэм кьызэрилъэлъэгъуамкIэ, а къэралым и ахьшэ хуэмапIэхэр хуэ-чэмщ евро мелард 24-рэ.

Ирландием кредит кьезыта, иджыри ахьшэ щIыхуэ кьыхуэзыутIыпщынкIэ хьуну Евросоюзыр, Европэм и Банк нэхъыщхьэр, Дунейпсо валютэ фондыр (МВФ) арэзы хуэащ зи гугъу тщы къэралым и банк системэр а евро мелард бжыгъэм егъэлеяуэ зэрыщыщIэмкIэ. Абыхэм кьалъытащ «Ирландием и властым пэжыр зэрамыбзыщIар абы и банк системэр тэмэму зэтеувэжыным псори хуэзыунэтI щытыкIэу».

Нэгъабэ и щэкIуэгъуэ - дыгъэгъазэ мазэхэм Евросоюзымрэ МВФ-мрэ Ирландием хуаутIыпщат евро мелард 85-рэ, абы и банк системэр иригъэфIэкIуэжын папщIэ. А Iуэхутхьэбзэм пэкIуэу, Ирландием егъэзащI и экономикэ, финансэ яп адыгэ газетым и яп номерыр Щагъуэ Нурий Истамбул къызэрыщыдыгъэкIрэ.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкIэ, нобэ уэшх мащIэ кьешхынущ. Хуабэу махуэм градуси 6, жэщым - градуси 4 щыIэнущ.

Мэлыжьыхьым и 3, *тхьэмахуэ*

♦Геологым и махуэщ

♦Къэзахъстаным и президентым и зи мычэзу зэхъуэныгъэхэр иригъэкIуэкIынущ.

♦Чадым президент щыхахынущ.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкIэ, уэшх мащIэ кьешхынущ. Хуабэу махуэм градуси 5, жэщым - градуси 4 щыIэнущ.

Мэлыжьыхьым и 4, *бльыцкъэ*

♦1945 гъэм СССР-м и Дзэ Пльыжьым Венгриер хуит кьищIыжащ.

♦Лагьымэм защыхъумэным хуэгъэсэным и дунейпсо махуэщ

♦ Сенегал Республикэм и дзэпкъ гуфIэгъуэщ - 1960 гъэм къэрал щхьэхуит хъуащ.

♦Венэ (Австрие) щекIуэкIынущ Ядернэ щынагъуэнщагъэмкIэ конвенцэм зыгъэзащIэ къэралхэм я 5-нэ конференц.

♦Мэлыжьыхьым и 4 - 7-хэм Страсбург (Франджы) щызэхэтынущ Европарламентым и зIуэщIэ.

♦1933 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я оргбюрор къызэрагъэпэщащ.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкIэ, пшэ тельынущ, хуабэу махуэм градус 11, жэщым - градуси 3 щыIэнущ.

Iуэлапэр зыгъэхьэзыр **ГЪУЩIОЗ Зарифэ.**

Льэпкъ Iущыгъэ:

Пэжым уригушIэнри мафIэм уриджэгунри зэхуэдэщ.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 2, *щэбэт*

♦Сабий тхьылым и дунейпсо махуэщ

♦ Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ

♦Илъэси 100 ирокъу «Гъуэзэ» яп адыгэ газетым и яп номерыр Щагъуэ Нурий Истамбул къызэрыщыдыгъэкIрэ.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкIэ, нобэ уэшх мащIэ кьешхынущ. Хуабэу махуэм градуси 6, жэщым - градуси 4 щыIэнущ.

Мэлыжьыхьым и 3, *тхьэмахуэ*

♦Геологым и махуэщ

♦Къэзахъстаным и президентым и зи мычэзу зэхъуэныгъэхэр иригъэкIуэкIынущ.

♦Чадым президент щыхахынущ.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкIэ, уэшх мащIэ кьешхынущ. Хуабэу махуэм градуси 5, жэщым - градуси 4 щыIэнущ.

Мэлыжьыхьым и 4, *бльыцкъэ*

♦1945 гъэм СССР-м и Дзэ Пльыжьым Венгриер хуит кьищIыжащ.

♦Лагьымэм защыхъумэным хуэгъэсэным и дунейпсо махуэщ

♦ Сенегал Республикэм и дзэпкъ гуфIэгъуэщ - 1960 гъэм къэрал щхьэхуит хъуащ.

♦Венэ (Австрие) щекIуэкIынущ Ядернэ щынагъуэнщагъэмкIэ конвенцэм зыгъэзащIэ къэралхэм я 5-нэ конференц.

♦Мэлыжьыхьым и 4 - 7-хэм Страсбург (Франджы) щызэхэтынущ Европарламентым и зIуэщIэ.

♦1933 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я оргбюрор къызэрагъэпэщащ.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкIэ, пшэ тельынущ, хуабэу махуэм градус 11, жэщым - градуси 3 щыIэнущ.

Iуэлапэр зыгъэхьэзыр **ГЪУЩIОЗ Зарифэ.**

● Футбол

Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэ Ещанэ джэгугъуэ

«Спартак-Налшык» - «Зенит» (Санкт-Петербург)

Налшык. «Спартак» стадион.

Мэлыжьыхьым и 3-м. Сыхьэт 14-м.

ЗэIуэпэхэр | Iуэху еплыкIэ | Дэ къытхуэк

КЪЭБЭРДЕЙ

Щэбэт кьыдэкIыгъуэ | Малъхъэдис

Iуэхугъэ щыIалъэхэр

ГазкIэ кьызэрагъэпэщ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Президент Темрезов Рашид щIыналъэ властхэм я лажьыгъэм и уиэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ кьигъэлъэгъуащ республикэм и жылагъуэхэр газкIэ кьызэгъэпэщыныр.*

ЖЫЛАГЪУЭХЭР зэман гъунэгъум газкIэ кьызэгъэпэщыным теухуауэ КъШР-м и президентым кьыхилъхьа Iуэхугъуэхэм тепсэлъыхьащ республикэм и правительствэм щыщхэр «Газпром» ОАО-м щIыналъэхэм ядалэжьэныкIэ и лЫкIуэ Курков Леонид щыIам. Лэжьыгъэ кьыщIадзэнущ «Строжевая-Прегградная», «Карачаевск-Теберда» газ зэрыкIуэ бжьамийхэр укъуэдиныкIэ.

Уэздыгъэншэу къэнэкIэ хъунущ

Республикэм и районитIрэ Кавминводы щыщ Iыхьэрэ уэздыгъэншэу къэнэкIэ хъунущ гъущI цIуугъэнэхкIэм ещанэкIуэ бзаджащIэхэм я зэранкIэ.

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭСым и Приубань районым электрокьару кьэзытхэм (ПЭП) я пкъуоущым бзаджащIэхэм гъущI тонн кIэрадыгъуэкIащ. Ар сэтей кьащIащ и чэзу кьэпщытэныгъэхэр щагъэкIыжьащ. А пкъохэр утемышынэхьу зэфIэгъэувэжыным сом мин 32-м щIигъу текIуэтэдэнущ, абы теухуа лэжьыгъэм пэкIуэнур зэхэмыту.

Мейкъуапэ и уэрамхэр ягъэкъабзэ

АДЫГЕЙ. *Мэлыжьыхь мазэм республикэм и къалащхьэм и уэрамхэр ягъэкъабзэнущ. зыхуей хуагъэзэнущ. А лэжьыгъэм хэтынущ Iуэхущ Iапlэхэр, Iэнатlэхэр, псэупlэ-хуэкIуэ кооперативхэр, жыггъэкI зэгуэхьныгъэхэр, еджапlэхэр, хьэрычэтыщIэхэр.*

КъАБЗАГЪЭМ хуэхха мазэм кьриубыдэу кьуажэдэсхэми апхуэдэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIынущ - щхьэж кьегъэщIыла щыпlэр зэщIакъуэнущ, кьат куэду зэтет унэхэм я пщIанTIэхэр зэпэщ ящынущ. Кьалэ гъунэм щыIэ предприятэхэмрэ фермер хозяйствэхэмрэ мэз кусэхэр ягъэкъабзэнущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ЩІанкІэ Маринэ ТІуТІэ и пхъур Къбэрдей-Балькъэр Республикэм щыщ Прохладнэ районым и суд участкэ №3-м и зэзыгъэкІуж судыщІэм и кІуылкъум гъэувынымк Іуэхуакі э

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Іыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Іыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуж и судыщІэхэм я Іуэхуакі э» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 6 статьям япкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ еш:**

1. ЩІанкІэ Маринэ ТІуТІэ и пхъур Къбэрдей-Балькъэр Республикэм щыщ Прохладнэ районым и суд участкэ №3-м и зэзыгъэкІуж судыщІэм и кІуылкъум илъэситу пІалъэкІэ гъэувын.

2. Мы Унафэм кьары егъэзыт кІыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм гъатхэпэм и 31-м
№669-П-П

Къущхъэ Равидэ Іэдей и пхъум Къбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэзышцытэ-къэзыбж и палатэм и аудиторым и кІуылкъур щхъэщыхьым и Іуэхуакі э

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэзышцытэ-къэзыбж и палатэм и Іуэхуакі э» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 6 статьям и Іыхьэ 3-м ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ еш:**

1. Къущхъэ Равидэ Іэдей и пхъум Къбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэзышцытэ-къэзыбж и палатэм и аудиторым и кІуылкъур щхъэщыхьым.

2. Мы Унафэм кьары егъэзыт кІыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм гъатхэпэм и 31-м
№670-П-П

Селиверстовэ Любовь Александр и пхъум Къбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэзышцытэ-къэзыбж и палатэм и аудиторым и кІуылкъур щхъэщыхьым и Іуэхуакі э

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэзышцытэ-къэзыбж и палатэм и Іуэхуакі э» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 6 статьям и Іыхьэ 3-м ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ еш:**

1. Селиверстовэ Любовь Александр и пхъум Къбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэзышцытэ-къэзыбж и палатэм и аудиторым и кІуылкъур щхъэщыхьым.

2. Мы Унафэм кьары егъэзыт кІыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм гъатхэпэм и 31-м
№671-П-П

Фироновэ Надеждэ Гаврил и пхъур Къбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэзышцытэ-къэзыбж и палатэм и аудиторым и кІуылкъум гъэувынымк Іуэхуакі э

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям (Іыхьэ 1-м и «и» пунктым), «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэзышцытэ-къэзыбж и палатэм и Іуэхуакі э» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 6 статьям и Іыхьэ 3-м ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ еш:**

1. Фироновэ Надеждэ Гаврил и пхъур Къбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэзышцытэ-къэзыбж и палатэм и аудиторым и кІуылкъум гъэувын.

2. Мы Унафэм кьары егъэзыт кІыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм гъатхэпэм и 31-м
№672-П-П

Хочиевэ Лейла Нуркалыкъ и пхъур Къбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэзышцытэ-къэзыбж и палатэм и аудиторым и кІуылкъум гъэувын и Іуэхуакі э

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям (Іыхьэ 1-м и «и» пунктым), «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэзышцытэ-къэзыбж и палатэм и Іуэхуакі э» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 6 статьям и Іыхьэ 3-м ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ еш:**

1. Хочиевэ Лейла Нуркалыкъ и пхъур Къбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэзышцытэ-къэзыбж и палатэм и аудиторым и кІуылкъум гъэувын.

2. Мы Унафэм кьары егъэзыт кІыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм гъатхэпэм и 31-м
№673-П-П

КъалэныщІэхэр куэд мэхъу

●Пресс-конференцхэр

**Гъатхэпэм и 29-м КъБР-м жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкъо щІалэгъуалэ Іуэхуэмкі э и министр Пащты Борис республикэм и хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм яІущІащ. Ар теухуауэ щытащ нэгъабэ министерствэм зэфІигъэкі ыжыныр я лъэныкъуэкІэ Іуэху Къэбэрдей-Балькъэрым щалэгъуалэ политикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр щыгъэзэщІэныр, республикэм ис ныжьыщІэхэр хэкуп сэу гъэсэныр, хамэ къэралхэм щихьуэа ди лъэпкъгъуэм я хъэм, ди къэралым щыпсэуфыр, КъБР-м щыпсэу лъэпкъхэм яку дэлъ зэхущытыкІэхэр егъэфІэкІуэныр, хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ ядэлэжьэныр.

Министрым зэрыжиІамкІэ, республикэм щалэгъуалэ политикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр щыгъэзэщІэным и Іуэхуакі э, нэгъабэ куэд зэфІагъэкІащ.

- Апхуэдэущ, псальэм папщІэ, федеральнэ министерствэмрэ щалэгъуалэ политикэр гъэзэщІэныжьмкІэ агентствэмрэ кьызэрагъэпэщащ «Селигер», «Мэшыкьуэ», «Кавказ 20 - 20» щалэгъуалэ лагерхэм, «Прорыв», «Студент гъатхэ», «ХьэрычэтыщІэ ныжьыщІэ» урысейпсо проектхэм жыдэжру дызэрыхэтар, - кьиГъэльэгъуащ Пащтым. - Кьищыныэмыщауэ, щалэгъуалэ политикэр зезыгъэкІуэну Іэщагъэлъ щалэгъуалэ щыхуэм 100-м нэблагъэ дгъэхьэзыращ, Бахьсэн кьалэм кьудамэ зэмылІэужкьыгъуэхэр зиІэ щалэгъуалэ центр кьыщызэІутхащ, ныб жьыщІэхэр социальнэ Іуэхуэхэм кьыхэтшащ икІи щалэгъуалэр политикэр зэрыдгъэзэщІэну мылъку щхьэхуэхэр кьетшэлащ.

2010 гъэм хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъгъуэхэм яку дилІэ зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэным икІи абыхэм зегъэужьыным я лъэныкъуэкІэ Іуэху щыпсэхэр зэрызэфІахьауэ Пащты Борис кьытеувыщащ. Абы кьызэрыхигъэщамкІэ, нэгъабэ министерствэр жыджэру дэлэжьащ нэгъэущ щыпІэхэм щыІэ адыгэ-балькъэр жылагъуэ организацэхэм. Къэбэрдей-Балькъэрым щрагъэжькІэжа зэхьыхьэхэм хэтащ хамэ къэрал щыпсэу ди хэжъугъу сабий, щалэгъуалэ гупхэр.

- КьищынэмыщІауэ, Къзэрахэстанм, Къыргызыстан, Израильм щыІэ лъэпкъ-щэнхабзэ зэгугъэныгъэхэм я унафэщІхэр ди дежь щыдгъэхьэщІащ. Мэкъуауэгъуэ - щыщхьэ маззэхэм Йорданым, Тыркуем, Осетие Ищхьэрэ-Аланием хьыкъэ Мэздэгу районым щыщ ди лъэпкъэгъу сабий-щалэгъуалэ 90-м щигъу Налшык щыІэ узынщагъэр щрагъэфІакІуэ лагерхэм зыщедгъэгъэпсэхуащ, - жиІащ Пащты Борис. - ХьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм пэрэтхэм папщІэ «Ди тхыдэр кьыщежьэ Къэбэрдей-Балькъэрыр зэныбжьэгъугъэмрэ зэгурыІуныгъэмрэ я лъахэщ» зэпеуэр едгъэкІуэкІащ. Тыркуем адыгэ-бзэр щезыгъэжьауэ Ерзэджанкіуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахьуэ институтым курс дгъэкІуащ.

Адэкі э министрым кьыхэтгъащІ 2010 гъэм республикэм и хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэкІэ зэрыкъуагъащІар. Къэбэгъэльагъуэмэ, телевидениэмрэ радиомрэ я лэжьыгъэр иджырей (бжыгъэ Іэмалым тету зэтраухуэн папщІэ мылъку-техникэ, экономикэ лъабжьэхэр кьыхэзрагъэпэщащ икІи 2012 гъэм абы дыхуэхІэнущ. Урысейпсо зэхьэзэхуэм Fm 99.5 частотар Къэбэрдей-Балькъэрым кьыщихьащ. Иджы республикэр радиом и студиехэм зыхуеину Іэмэпсымэхэр щагъэзывауэ и лэжьыгъэр ирагъэфІакІуэ.

Пащты Борис кьызэрыхигъэщамкІэ, хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм пэрыт лэжьакІуэхэм я проценти 4-м нэблагъэращ зи Іэщагъэмкі э щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэр. Абы кьыхэкІыуи кадрэр зэрагъэзэщІэзырыну щІмкІэ яубзыхуащ. Министрым кьызэрыльытэмкІэ, ар мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэхэм ящыщ зыщ. Нобэ КъБКЫУ-м журналистикэмкІэ и факультетым Іэщагъэлъэхэр щагъэхьэзыр, Санкт Петербург, Кубань къэрал университетхэми ди щалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ щрагъадджэ. ИкІи а Іэнатіэм адэкІи зрагъэужьыным хуэунэтІыну мурадыфІхэр щыІэщ. Кьалэтэмэ, мы гъэм ди республикэм журналист Іэзэхэр ядгъэблагъэзэрыгъэ мастер-кІасхэр щрагъэтыныщ.

- КъБР-м и Правительствэм и унафэм ипкъ иткІэ, республикэм кьалэн эхуэмыдзэхэр зыгъэзащІэ щалэгъуалэ центрэр зэрыгъэуцуар кьыхэщІэзІутхынущ. Налшык и «Родина» кинотеатрыр апхуэдэ Іуэхуэщ щалэгъуалэгъэпэщыжьыну ди мурадщ. А Іуэхум сом мелуани 8-м щІигъу хуэхэтащ. Иджыблагъэ Бахьсэн щыуэуа центрым хуэдэ Тырныауз кьалэмэ дэтщІыхьынущ. Республикэм и кьуажэ кьэс щалэгъуалэ программэхэр зэрагъэзащІэм зи нэІэ тет икІи а Іуэхуэмкі э жэуап зыхь щыщ щхьэхуэхэр щыхэтхынущ. - жиІащ Пащты Борис. - Ди гугъэщ «Хьэщагъэ» проектым адэкІи пытщІу, Кавказ Ищхьэрэ щыналъэ зэхуаку Іуэхуу абы зедгъэ убгъуну. Кавказым мамырыгъэр щыгъэбыдэным теухуа лэжьыгъэрэ мы гъэмэхуэм дызэхущІэну ди мурадщ.

Зэхьыхьэм и кІэухым министрым журналистхэм я упщІэхэм жэуап иритащ.

ТЕКІУЖЬ Зарет э.

●Май куей

Унагъуэхэм ядоІэпыкъу

Псэуп Іэ унэ къэхэхэм щыпсэухэр кьыщІэтъэІэпэхъуКІыным екъэІа Урысей программэм иПкъ иткІэ, Май куейм щыщ унагъуэ 16-р унэ лъапсэ зэпэщхэм ягъэІэпэхъуэнущ.

ЕВРОПЕЙ мардэм тету аухуа унэхэр 8 мэхъу. Абыхэм унагъуэхэр тІуРыгТу щІагъэтІысхьэнущ.

Май районым и администрацэм и унафэщІ Атаманенкэ Юрий щыгъуазэ дызэрицІамкІэ, ухуэныгъэхэм кьэрал ящІэ гъэ ЖЕТЫМ КЪЫХЭКІЫУ СОМ мелуан 94,5-рэ трагъэкІуэдащ. Абы мыгувэу яГъэІэпхъуэнущ пІъэс 60 - 70 и пэкІэ ауэущ щыта унэхьхэм щыпсэуахэр. УнэщІэхэм абыхэм кьащІыхьысыжынущ яІыгъа пэш бжыгъэ дыдэр. Тофымрэ блокымрэ кьыхащІыкІа псэупІэ кьызыхуэтыншэхэм пластик бжэщхьыгъубжэ екІуэр хаугъахьащ, щыжырей кхъуэщынхэм хуэдэхэр траЛъхьащ, зэпыу имыІэу я псы щІыІэри хуабэри къижынущ. Унэ кІуэцІ лэжьыгъэхэр езыхэр зэрыхуейм хуэдэу кьрахъьэІэну нэхъ кьэзыщта унагъуэхэми я лъэІуэр ягъэхэщІащ: абы-хэм унэ зехьэным текІуэдэнур ахъшэу ирагащ, зыхуеину пкъыгъуэхэр кьращІэхун хуэдэу.

ЦІыхухэр кьызыщІэкІа унэжьхэри, куей администрацэм унафэ зэрыгрипщІыхьам ипкъ иткІэ, абы щыпсэуахэм зэпкърахьнурэ, кьыхэкІа пкъыгъуэхэр зэрыхуейуэ къагъэсэбэпынущ. Абы Іэмал кьаритынущ машинэ зыщІэзытынухэр, къуэдзэщ хуэдэхэри щІэуэ яухуэну.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Захъагъэм и телъхьэт

●Тхыдэ

Къатхъэн Назир Адыджэрий и къуэр 1891 гъэм Іафыщхьэбла (Псыхъурей) кьыщалъхуащ. Бахьсэн дэта дин лъэкІапэмэ Іащыщ щыІэ реальнэ училищэмрэ кьнухащ. Граждан зауэм и зэманым (1918 - 1920 гъэхэм) Шэрихьэт полиным и ІуэхущІапІэм и совет властым щІэбэнащ. 1920 - 1923 гъэхэм ар щыташ окружной милицэм и унафэщІу, Налшык исполкомым и Іэтащхьэу. 1924 - 1928 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и лЫкІуэу ВЦИК-м и Президиумым щылэжьащ, 1925 - 1928 гъэхэм Кавказ Ищхьэрэ щэнхъ республикэхэм я щІэкІэ Іуэху щиІащ СССР-м и ВСНХ-м. 1928 гъэм яуклащ, щы тралъхьри. 1990 гъэм хей хьужащ. Бэракъ Плъыжь орденыр ку ратащ.

КЪАТХЪЭН Назир Къэбэрдеймк Кавказ Ищхьэрэмк и тхыдэм щыцІэрыІуэ революционерц, ди лъахэм совет-хэм я властыр щыгъэувыныжмкІэ куэд илъэжьауэ. Апхуэдэ фІыщІэ бгъэдэлъ пэт, Назир и цІэр революцэм и тхыдэм кьыхэзрыхэщІыр мащІэ дыдэущ, нобэрей щІэбэлэр зэрыщыгъуазэ щыІэкъым: пщы тралъхьэу ягъэкІуэда и ужь, и цІэри ягъэуІуныщІ. Кьатхъэным куэд зэфІигъэкІа Гъэдэ Іуэхуэ Балъкъэрымрэ я мызакъуэу, Кавказ Ищхьэрэ псом Совет власть щыгъэувыным теухуауэ, ИтІани большевикхэм зэи адэкІи хуэфащэ щхьэкъуакъ.

Шэрихьэтым и щІэныгъэ нэхъыщхьэ зыбгъэдэлъ Назир зэи яІэтакъым: абы зэрихьа кьулыкъуэхэр, зэрытІъагъущІ, жьгъейщ. Сыт ар кьызыхэкІар?

Абы и щхьэусыгъуэр кьызэрыгуэкІщ - Кьатхъэн Назир я Іэтащхьэт большевикхэм ІупэфІэгъу кьащІа дин лэжьакІуэхэм. Абыхэм кьалтыпэрт шэрихьэт хабзэр зэхуагъэм и пъабжьэу. Арати, шэрихьэт хабзэр кьэзыгъэщэрэщІэжьну хущІэкъуэмрэ юмисархэмрэ я сэбэп зыхэтхэр пІалъэкІэ зэтехуащ. Ленинми, псом хуэмыдэу Кавказыр фІыуэ зыщІыху Сталинми къагурыІуат дин зэщІэхъеенытэр революцэм и телъхьэу кьэгъэувыным мыхьэнэ ин дыдэ зэриІэр. Абыхэм щІыналъэм и большевикхэм я унафэщІхэм (Орджоникидзе Серго, Киров Сергей) хуагъэдэкащ апхуэдэ кьарур кьагъэсабэныныр. Я Іуэху дэкІмэ, диныр зи зауэхэр гъэныкъуэкІэ ирагъэзыжынут. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, шэрихьэт хабзэм тетхэмрэ динымкІэхэмрэ зэи зэхэтынутэкъым. Апхуэдэуи хъуащ.

Аращ Назири кьыщыщІар. Шэрихьэт полким и унафэщІ щэрыІуэ дыдэм зыри хуеижтэкъым Совет властым и гъэр быдэу щыуам.

Кьатхъэным и шыфэлІыфэр зыхуэдар нэхъ щэрыуауэ кьызыІуэтэжар властыщІэм щІэбэнхэм тКІиІуэ кьапэщІэ - Дауткъуэ-Серебряковым Заурбэч и адъютанту щыта Чхэидзе Константинщ. 1974 гъэм дунейм екъыжьукІэ ар елэжьащ и гукъэжьжьхэм техуэуа тхыпІъхэм (ахэр ноби кьытрадзакьым): «Язынывкъуэхэм деж тлъагурт шы дэгъуэм тес, адыгэ фащэ екІу зыщыгъ Кьатхъэн Назир, шэрихьэтзеІъхъэм я пащэр. Ар хуабжьу щІыху дахэт, зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ т. И Іуэху епІыкІэхэр дзэыныгъэхэр апхуэдизу кьыхуэпэжти, абы и псалъэр сыт щыгъуи Кавказ Ищхьэрэ псом тыншу щыпхрыкІырт. Большевикхэм замыгъэтъагъуэмэ нэхъ кьащтэрт, ахэр пэпІъэрт, езыхэм утыкур кьащцыІысыну зэманым.

Кьатхъэн Назир я тепщІыкІэхэм я нэхъыбэр мыдрисэхэм щеджэ сохъэтхэкІт. Абыхэм кьалтыпэрт а щІыхуэм и нэгум нур кьрихьку икІи и дэтхэнэ унафэрэ фІэкІыпІэ имыІэу ягъэзащІэрт.

Хужьхэр хагъэщІа нужь, Кьатхъэным и гупыр зэхэзехуэн ящІащ, езыри яубыдащ. Абы и цІэр, даун, тхыдэ и кьыханэтэкъым. Пэжщ, и закъуэкъым, ар дыдэр кьыщыщІауэ щытащ къэбэрдей большевикхэм я унафэщІ Кьаумыкъ БетІали. - Кьэбэрдей и тхыдэ тхылъу 1957 гъэм кьыдэкІащ Кьатхъэным и цІэр кьыщыгъэтъгъуэгъэхакъым, Кьаумыкъри закъуэтІакъуэ фІэкІа кьыхэщІыкъым.

Чжендзе Константин псэухукІэ кьыкІэтьыпІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щеКІуэкІхэм. Мис абы щыхьэт техьуэ зы пычыгъуэ: - 1967 гъэм кьыдэкІащ къэбэрдей тхакІуэ Кьыщокъуэ Алим и «Мазэ ныкъуэ зыхуантІэ» романыр. Абы Іупщу хьоПъагъуэ Кьатхъэн Назиррэ Кьаумыкъ БетІалпэ я образхэр: япэр Матхъэн Кьазджэрийщ, етІуанэр Мэремкъан Инналщ'.

КОГІЛЯЮВХ Э Мариерэ Викторрэ.



Республикэм кьэрал статистикэмкІэ щыІэ щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм пэублэу щызэхалъхьэжащ 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 14 - 25-эм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм цІыхухэр къызэрыщыхатхыкІам кьрикІуаэр. Апхуэдэ бжыгъэхэм япкъ иткІэ, 2011 гъэм щІышылэм и 1-м ирихьэлІэу зэрыщыту къэралым, абы и щІыналъэхэм цІыхуу щыпсэуурэ ахэр зэрытегуэщамрэ щагъэбедджьыныщ икІи ахэр бюджет зэхущытыкІэхэр щызэтрагъэувэжІэ къалъытэнущ.

УРЫСЕЙ псом цІыхуэхэр къызэрыщыхатхыкІым кьрикІуэхэр къатъэсэбэп кьэралым щыпсэуэхэм я бжыгъэр, демографие, социальнэ гуп щхьэхуэхэм я зэхэлъыкІэр, цІыхухэр щІыналъэхэм зэрытегуэшар ягъэбедджьылын папщІэ. А псори лъабжьэ хуохьу къэралым игъуэтыну социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщІа къалэнхэр убзыхуэм. ЦІыхухэр къызэрыхатхыкІым икъуКІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ, абы кьрикІуэ бжыгъэхэр куэдкІэ нэхъ тэмэмщ administrativnэ Іэмалхэр къагъэсэбэнурэ зэхуахьэсхэм нэхърэ.

ЗэкІэ къызэрабжамкІэ, зэпымуууэ КъБР-м щыпсэууэ ятхахэр щІыху 859802-рэ мэхъу. 2002 гъэм цІыхуэхэр къызэрыхатхыкІауэ щытам кьрикІуэхэм ебгъапщэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр щІыху 41692-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ. Абы и щхьэусыгъуэр республикэм щІыху куэд зэриІэпэхъуКІырщ. Иужьрей илъэсийм кьриубыдэу лІэхэм нэхърэ кьалъхуэр нэхъыбэжу екІуэкІами, щІыналъэм иІэпхъуКІхэр нэхъыбэжу щытащ. ЦІыхуэхэр нэхъ мащІэ щыхъущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалэ округыу тІум, муниципалитетхэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм пэублэу щызэхалъхьэжащ 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 14 - 25-эм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм цІыхухэр къызэрыщыхатхыкІам кьрикІуаэр. Апхуэдэ бжыгъэхэм япкъ иткІэ, 2011 гъэм щІышылэм и 1-м ирихьэлІэу зэрыщыту къэралым, абы и щІыналъэхэм цІыхуу щыпсэуурэ ахэр зэрытегуэщамрэ щагъэбедджьыныщ икІи ахэр бюджет зэхущытыкІэхэр щызэтрагъэувэжІэ къалъытэнущ.

ЦІыхухэр къызэрыхатхыкІам кьрикІуа бжыгъэхэр



нэ району хым. Псом хуэмыдэу цІыхуэхэр мащІэ щыхъущ Налшык къалэ округым (процент 11,5-кІэ). Бахьсэн къалэ округым, Бахьсэн, Шэджэм, Шэрэдж, Іуащхьэмахуэ районхэм щыпсэухэм хэхъущ. 2002 гъэм республикэм и цІыхухэм ящыщ къалэхэм дэсахэр процент 56,6-рэ хъуауэ щытамэ, 2010 гъэм зэрыхъужыр процент 54,5-щ.

ЦІыхухэр къызэрыхатхыкІам къызэригъэльэгъуэмкІэ, зэрыщыту Урысейми хуэдэу, ди дежи цІыхухъхэм нэхърэ цІыхубзхэр щыпэхъыбэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щатхащ цІыхухъуу 402075-рэ (процент 46,8-рэ), цІыхубзу 457729-рэ (процент 53,2-рэ). 2002 гъэм цІыхухъхэр процент 46,9-рэ, цІыхубзхэр процент 53,1-рэ хъууэ щытащ. Зэрытъэгъэуцуи, блэкІа зэманым кьриубыдэу апхуэдэ зэхущытыкІэм зэрызихъуэжа щІагъуэ щыІэкъым.

Зи нюбжыр илъэсищэ ирикъуа, абы щІигъуа цІыхуу республикэм 105-рэ исщ. Нюбжьышхуэ зиІэхэр нэрылъагъуу щынэхъыбэщ Шэрэдж, Шэджэм, Тэрч районхэм.

«Лъэпкъкъ Іэ зыщыщыр» графам, ипэжыпІэкІэ щыІэ лъэпкъыщІэхэм къадэкІуэу, языныкъуэхэм ирырагъэтхащ «урысей цІыхуэ», «совет цІыхуу», «дунейпсо цІыхуу» зыкъызэрагъэлытэжыр.

Мы зэманым къэрал статистикэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ Іуэхущ Іапі эм цІыхуэхэр къызэрыхатхыкІа тхыльхэр зыхуэфащэ кодхэм щІэту компьютерым ирелъхьэ, щыуагъэ щхьэхуэхэр егъэтэмэмыж. А псори зэфІэкІа нэхъ, Урысей псом цІыхухэр къызэрыщыхатхыкІам кьрикІуахэр нэгъэсауэ ягъэбедджьыфынущ.

Бжыгъэхэр официальнэу том 11 хъууэ ягъэхъэзырынущ, абы кьыдэкІуэу тхылъ зэмылІэужьжыгъуэхэр кьыдэкІынущ, апхуэдэу Росстатым и официальнэ сайтым иращтэнущ.

ГЪАЩТЭ Аурикэ,
Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и ЩІыналъэ органу КъБР-м щыІэм и унафэщІ.

ЗэгъэтІылъэкІыпІэ зимыІэхэр

Дыкъэзыухъурехь дунейм езым и хабзэхэмкІэ игъэувыжауэ, илъэсым и дэтхэнэ зы щхъэхэмэм и щхьэхуэныгъэхэр, и нэщэнэхэр ІэжщІ. Къапщтэмэ щІымахуэм хъеса уэсыр гъатхэм хуабэ мэхъури мэтКІуж. (Дэжьапіэ Іэнатіэ зэхуэмыдэхэм я лжьакІуэхэр абы къыригъэуэсэм хуэхьэзыру щытын хуейщ. «Водоканал» МУП-р гъатхэм и къэхъукъащІэхэм хуэ хьэзыщІ икІи унагъуэ щхьэжъуэхэми Іуэхущ Іапі эхэми хуащІэ Іуэхуугъэбзэкъэм тхъуэсыхафэ куэд кьыхагъэкІыркъым.

НАЛШЫКИ абы и гъунэгъу жылагъуэхэми псыр зэрахуэкІуэ бжьамиНхэр кьызэрагъэсэбэпрэ итъэс Іэджэ щІащ икІи абыхэм ящыщ куэд дыдэр зэхъуэкІын хуейщ. ЩІыр кьызэрывыжрэ псыІэрышхэр щІыпІэ кьэдым щеІэхэх хъуащ, ахэр зэран зыхуэжъуэ бжьамиНхэр иужьрей махуэхэм щызэрагъэпэщыжащ Налшык Крыловым, Идарым, Мэлбахъуэм, Хмельницкэм я щІэхэр зезыхь и уэрамхэм. Кьэзгъэльэгъуэ уэрамхэм унеи лъапсэ хэм къищынэмыщІауэ, къат куэду зэтет унэхэри щІымащІэхьым. Апхуэдэ щытыкІэм кьаІэн щхьэхуэхэр ди лэжьакІуэхэм я пщэ кьыделъхьэ икІи зэман кІэщІым кьриубы- дэу нЫкъуСанЫгъэхэр зэрагъэзэкІуэжьыным хущІокъу.

ПСЫ кьагъэсэбэпар зэрыщІэм бжьамиНхэр нэхъыбэрэ щокъутэ пщІанТІэшхуэхэм. Аха псынщІэу зэмыГъэпэщыжамэ, а щІыпІэр иуфІеинущ, ар цІыхухэм я узнышагъэм зэран хуэхъунущ. Арп кьаІэн щІыкъыкъ. Мусукаевым, Арманд, Идарым, Лениным я цІэкІэ щыІэ, Самотечнэ уэрамхэм тет унэхэм я пщІанТІэхэм ЩІымахуэм и ныкъусаныгъэхэр щагъэзэкІуэжащ, цІыхухэм я тхъэусыхафэ кьыхэмыкІыу. Канализацэ хэр щІэх- цІэхыурэ зэрыщыкъутэм я зэранышхуэ хэльщ абы щыпсэухэм, сыту жыпІэмэ, псы кьаГъэсэлъэпам и гъуэгу бжьамиНм ирадзэ пІхъэнкІий куэд.

Илъэс зыбжанэ хъуауэ «Водоканал»-м и лэжьыгъэм ныкъусаныгъэ, лъэпощхьэпо куэд кьыхелъхьэ псыкьуийхэм я щхьэтепІэкэр зэрадыгъэм. Апхуэдэ щІэпхъаджагъэ зылэжьхэр егупсысыркъым щхьэтепІэ зытемыльыж псыкьуийм гуауэщхьэуэшхуэ кьыхэкІынкІэ зэрыпсыкъуэм. Тхъэмахуэ кІуэщІ блэкІам щхьэтепІэхэр щытратхьажащ Нэхущым, Мэсэйм я щІкІэ щыІэ, Хуламскэ, Ингушскэ уэрамхэм.

БЕКЪАЛДЫ Анатолэ,
«Водоканал»-м и лэжьыгъэм ныкъусаныгъэ, лъэпощхьэпо куэд кьыхелъхьэ псыкьуийхэм я щхьэтепІэкэр зэрадыгъэм. Апхуэдэ щІэпхъаджагъэ зылэжьхэр егупсысыркъым щхьэтепІэ зытемыльыж псыкьуийм гуауэщхьэуэшхуэ кьыхэкІынкІэ зэрыпсыкъуэм. Тхъэмахуэ кІуэщІ блэкІам щхьэтепІэхэр щытратхьажащ Нэхущым, Мэсэйм я щІкІэ щыІэ, Хуламскэ, Ингушскэ уэрамхэм.
Іуэхущ Іапі эм и пресс-Іуэхущ Іапі эм.

Гуэвэгъуэм зыщытхъумапхъэщ

●Жылагъуэ

Налшык къалэ округым и щІыпІэ самоуправленэм и Советым иджыблагъэ зэхигъэуваш «Налшык къалэ округым 2011 - 2014 гъэхэм терроризмымрэ экстремизмымрэ кьыщымыгъэхъун» яхьхуніэ программэр.

ЦІЫХУМРЭ жылагъуэмрэ терроризм щыхъумэным, эк стремизмым пыщІа Іуэхуэр къэмыгъэхъуным, жылагъуэм щыІэныгъэрэ зэхэщІыкІрэ щыгъпщэ щІыным хуэунэтІа программэр Налшык къалэ администрацэм хабзэ хэр гъэзэщІэнымкІэ Управленэмрэ террорым пэщІэтынымкІэ къалэ комиссэмрэ зэгъэсэу зэхалъхьащ.

Къалэ программэм ипкъ иткІэ, ипэсащым кьрнубыдэу зэфІэгъэкІа хъуну лэжьыгъэхэм щыщІэ мыхьэнэ ин зиІэ Іуэхущ Іапі эхэр, еджэныгъэм, щэнхабзэм пыщІа унэ хэр щІэпхъаджащІэхэм ящыхьымэным теухуа тхылъхэр зэгъэпэщщыныр; щІыхуэхэм хьыбар егъэщІэнымкІэ Урысей псом къыщагъэсэбэп Іэмалыщ Іэм ди республикэри хуэмІуэныр, псэупІэ унэхэм я щІыхьэпІэ хэм, унащхьэхэм, щІыпІэ хэм шынагъэншагъэ кьыззэщІыгъэпэщ системэр щыгъэзэжьэныр; къэхъукъащІэ шынагъуэ къэхъумэ, щІыхуэхэм ящІэн хуейхэр зэрыт тхылъ щІыкІуэхэр гъэхъэзырыныр.

Зи гугъу тщІы программэм жеІыбыдэ дин лэжьакІуэхэр хэту конференцхэр, семинархэр, пшыхьхэр щрагъэжьащ. Абы нэмыщІкІэ, гъэ дыззэрытым кьрнубыдэу еджапІэ псори шынагъуэм теухуа хьыбарегъащІэ сигнализацэхэмкІэ, псэпсэтъам и макъымрэ кьитъэсэбэпа телефоным и номерымрэ зыгъэ ІэмэпсымэхэмкІэ кьызэрагъэпэщынуэ. ЩІэныгъэ щрагъэтъуэт Іуэхущ Іапі эхэм щылажьэ егъэджакІуэхэр хуагъэсэнущ террор шынагъуагъэм щІыхуэхэр зэрыпэщІэтын хуейм.

Экстремизмыр щымыгъэІэным хуэунэтІауэ щІыпІэ самоуправленэм и Іуэхущ Іапі эхэм кьыщызэрагъэпэщынущ дин зэмыщхь зезыхьэхэм я зэхущытыкІэхэр егъэфІэкІуэным хуэлажьэ хьыбарегъащІэ-аналитикэ центр.

Мы Іуэхуэр ГъэззэщІа хъуным я гуащІэ хатхъэнущ Налшык къалэ прокуратурэм, УВД-м, МЧС-м я лэжьакІуэхэм.

ДАДУЕВ ТІэвир.

ЦІыхухэр къызэрыхатхыкІам кърикІуа бжыгъэхэр

**Республикэм къэрал статистикэмкІэ щыІэ щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм пэублэу щызэхалъхьэжащ 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 14 - 25-эм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм цІыхухэр къызэрыхатхыкІам кърикІуаэр. Апхуэдэ бжыгъэхэм япкъ иткІэ, 2011 гъэм щІышылэм и 1-м ирихьэлІэу зэрыщыту къэралым, абы и щІыналъэхэм цІыхуу щыпсэуурэ ахэр зэрытегуэщамрэ щагъэбеддж

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Махуэшхуэр ягъэлъапIэу

УФ-м и МВД-м и университету Краснодар дэтым Налшык щIэ и къудамэм Гъэрэ ЩIыпIэ щыгъуэзэ махуэр щагъэлъэпIащ. Ди лъэпкым ижь-ижьыж льандэрэ кьыдекIуэкI махуэшхуэм щIблэр щыгъуэзэ хуащIыж мурадкIэ, Iуэху дахэр зэхащат елджапIэм и лэжьакIуэхуэ ХьэфIыцIу Iэсиятрэ Габлыхъу Жаннэрэ. А зэхьыхьэр фэепль хуащIат щIэныгъэлI, этнограф щIэрыIуэ ЩыпIынэ Аслъэн.

ЗэIущIэм хэтащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыщIэ Мухьэмэд,** Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артистхэр **ЖькаIэмыхьу КIунэ,** КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэу **Иуан Владимиррэ Думэн Мурадинрэ,** КъБР-м и цIыхубэ артистхэ **Багъэтыр Мадинэ,** Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэ **Хьэмырэ Ахьмэд,** КъБКъУ-м и егъэджакIуэ **Абазэ Албэч** сымэ.

ЗэIущIэр адыгэ макъамэ дахэкIэ кьыдэIуахащ. Адыгэ **ХьэщIыкIу Iэсият** махуэшхуэм и мыхьэнэм, ар щIагъэлъапIэм кьыдэхуэсахэр щигъэгъуэзащ.

